ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№8 (22.166) ● 2012 гъэм щІыШылэм (январым) и 20, мэрем ● ТхьэмахуэМ тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар гъэлъэпІэным и Іуэхукіэ **унафэ щІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 255-рэ зэрырикъур 2012 гъэм гъэлъэпІэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъуэ зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар гъэлъэпІэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъуэ зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар гъэлъэпІэнымкІэ планыр къыщІэгъэпэщакІуэ комитетым къызэрыхилъхьэм тету мазитІ пІалъэм кьриубыдэу кьыщІэну.

4. Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм чэнджэщ етын Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар гъэлъэпІэнымкІэ планэр къащтэну.

5. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм лыгъэгъаэм и 30-м
№207-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм лыгъэгъаэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №207-УП-мкІэ къыщІатащ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр

Къанокъуэ А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

Гертер И. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Чеченов А. А.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Тхьэмадэ *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Абрэдж І. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жуап зыхь и секретарщ)*

Бечелов И. Б. -Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым хэтыр *(эзгурыІуауэ)*

Быф А. Ж. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр *(эзгурыІуауэ)*

Бышнэ А. А.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр

Васильев Ю. В. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр *(эзгурыІуауэ)*

Вербицкий А. И. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Взрокъуэ В. Хь.- Урысейм щэнхабзэмкІэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэр, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорыр *(эзгурыІуауэ)*

Геккиев З. Д. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр *(эзгурыІуауэ)*

Жамборэ В. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Іыр

Жаным Р. М. - «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и Политикэ советым и секретарыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Тхьэмадэм и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Къэзэр А. Хь. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым хэтыр *(эзгурыІуауэ)*

КъуэІуфэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакІуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр *(эзгурыІуауэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министрыр

Опрышко О. Л. - тхакІуэр *(эзгурыІуауэ)*

Пархоменко Ю. В. - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Тау П. КІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(эзгурыІуауэ)*

Темирканов М. О. -Шэрджэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Уянаев К. Хь.-М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Хьэгъэс З. А. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуауэ)*

ЩхьэгуэнА.Л. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр *(эзгурыІуауэ)*

Ерчэн Т. Хьу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм лыгъэгъаэм и 30-м №763-рп

Щэнхабзэм и фэеплъу зыхуагъэфащэ, Бахъсэн муниципальнэ районым хиубыдэ Зеикъуэ кьуажэ жылагъуэм и Іэшэлъашэхэм щыІэ кхъэ Іуащхьэр хьумэнымкІэ лэжьыпхъэхэр убзыхун мурадкІэ:

1. Лъэжакіуэ гуп къызэгъэпэщын мы кьыкІэлъыкІуэхэр зэту:

Ўзденовэ А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм щэнхабзэм и фэеплъхэр къэралым ихъумэныкІэ и управленэм и унафэщІыр *(лэжьакіуэ гупым я унафэщІщ)*

Атабиев Б. Хь. - Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и Кубань управленэм и къэрал инспектор нэхъыжьыр, щІыналъэ инспектору Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэмрэ щыІэр *(эзгурыІуауэ)*

Гъут А. М. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и оперуполномоченнэр *(эзгурыІуауэ)*

Ует А. З. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм ухуэныгъэмкІэ, архитектурэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Тхьэгъэзит Хь. Л. - Къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм жылагъуэ хабзэр хьумэныр кьызэгъэпэщынымкІэ и управленэм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*.

2. ПлэжакІуэ гупым яхуэгъэувын ищхьэкІэ кьыщыгъэлъэгъуа щІыпІэр хьумэныкІэ пэжыпІэхэм я планыр 2012 гъэм мазаем и 28-м нэсыху зэхалъхьэну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ иль хьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэ Абрэдж І. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

●Егъэджэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Гертер Иван щІышылэм и 18-м Налшык къалэ дэт медицинэ колледжым щеджэхэм яІущІащ.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и Унафэщ Іым щІалэгъуалэм захуигъэзащ:

- Нобэ дигухэр зыр зым хуэзІухарэ, фызыгъэгъуэмэщІ, фызыгъэпейтейхэм я гугъу дывгъэщІамэ си гуапэт. Жылагъуэм и гъащІэм зэхъуэкІыныгъэфІхэр дяпэкІи кьыщыхьуныр, фи фІэщ фщІы, мыбдеж щыс дэтхэнэ зы ныбжьыщІэми зэрыиэлыытар. Абы кьыхэкІкІэ, фыкъыхуэоджэ жылагъуэ Іэхуэхэм жыдкэжэу фых зтыфу, гурэ-псэкІэ фыпэджэжьыфу зевгъэсэну.

Адэкіэ Гертер Иван еджакІуэхэр кІэщІу щигъэгъуэзащ иужьрей илъэс зыбжанэм дги республикэм и экономикэм зиужьынымкІэ лъэбакъуэфІ кьыхэринэкІаХэм, дяпэкІи кьыпэщытхэм. У пщІэхэм Іуэхур щынэсым, зы еджакІуэ пищащэ кьэтэджри: «Сыт атІэ щІалэгъуалэм ди республикэм лэжьапІэ щІыщамыгъуэтыр?» - жиІащ. Абы и жэуапымкІэ Гертер Иван и псалъэм пищащ:

- Сигу кьызогъэжькІыж студенту дыщыщыта зэманыр. ЩІалэгъуалэр дынэж эгуэжу, кьытхуагъэльагъуэ лэжьыгъэр зэтпэсу, дгъэззэщІэну дыхьэзыру щытащ. КьыжьыфІэт хэт фэ фщыщу сымаджэ хьэлъэм бгъэдэсыфынур, хьэмэрэ жьхапхъэ кьэзыщтэу пхъэнкІэнур? Нэхъыбэм «хьэуэ» жьыфынукъэ? Абыкіэ кьыхэзгъэщыну сызыхуейр мырат: лэжьапІэ ди республикэми щывгъуэтыфынуц, кьыфхуагъэльагъуэр фи щхьэ хуэвгъэфащэмэ. Фыхуэмеймэ, фызэупщыжьыпхъэщ: си ІэщІагъэкІэ, си щІэныгъэкІэ сыпэльэщыну сыт хуэдэ лэжьыгъэ щыІэ? Лэжьыгъэр фыуэ пльагъуным, умыщхьэхьыным мыхьэнэзшхуэ иІащ. Фэ куэд фхуэзэфІэкІынущ махуэм кьриубыдэу сыхьэт 12 фылажьэу зевгъасэмэ.

ЗэІущІэм кьыщалэга Іуэхугъуэхэм ящыщт лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэхэм ятеухуари. Абы хуэгъэзауэ Гертер Иван жиІащ:

- Япэрауэ, цыхухэм псоми зэхащІыкІын хуеІщ езыхэр зэрэщытпсэу щыпІэм щызекІуэ хабзэ-бзыпхъэхэм пщІэ зэрыхуащІыпхъэр. Нэхъыбэрэ фІым тепсэлъыхьпхъэщ. Аргуэру зыныфхуэзэгъаазэу мыр нывжьызоІэ: щІалэхэ, пщащэхэ, фэ езыми куэд фэлъытащ! Цыхуу псоми фыкІэ фахуэупсэ. Фым фІы къшцэнчэ, фи зэхуаку зэхэщІыкІрэ хуэгъэкІуатэрэ кьыдилъхьэнущ, гуапэу фызэхущІагъэкІынущ. Аращ нэхъыщхьэр, армыхъуамэ щхьэж кьызыхэкІа лъэпкъракъым.

КЪУМАХУЭ Аслъэн,
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*



●Юбилей

ЩІэблэм я щапхъэ

ПщІэрэ щІыхьрэ зиІэ ди нэхъыжьыфІхэм ящыщ, «Адыгэ псалъэ» газетым куэд щІауэ кьыдадэлажьэ, республикэ ветеран зэгухьэныгъэм и ІуэхущІафэхэм жьыджэру хэт, щІалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэныкІэ комиссэм и унафэщІ, зи цІыху щІыкІэм удихьэх, хабзэрэ нэмысрэ зыдэтлъагъу ПщыбийСулъТ1ан Хъанджэрий и къуэр ныбжь кьыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 80 зэрыхъур егъэлъапІэ.

ГЪУЭГУАНЭ купжэгъуэрэ гукъыдэжрэ уиІэу илъэсищэ жьыщхьэ махуэ дахэм унэсыну, уи хъуэпсапІэхэр кьохъуІэну ди гуапэщи, Тхьэм кьыпхуэзэпищэ!

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

Хунэхьэсыну пІэрэ?

США-м илъэс 200 кьыщытралъхьэри щагъэтІысащ Украинэм иІэпхъуакІа, илъэс 24-рэ зи ныбжь Гельман Михаил.

Судым зэрызэхигъэкІамкІэ, 2011 гъэм мазаем и 11-м абы и мылъхуадэмрэ нэгъуэщІ цыхуитІрэ сэкІэ иукІащ, автомашинэм ису щІэпхъуэжьи, гъуэгум аргуэру зы цыху щригъэуІакІащ. КъыкІэлъыкІуэ маахуэм Гельман Михаил метром сэкІэ зы цыху щиуІащ.

Псори зэхэту ар щІэпхъуэджагъуэ 13 илэжьауэ ягъэжъуанщэри, тезыру лЭщІыгъуитІ кьытехуэу кьалъытащ. Унафэм кьыщеджэм судыщІэм жиІащ ягъэтІысар «гущІэгъэнщэу, цыхухэр ильагъу мыхъуу» зэрыщытыр.

МывэкІэ къоуэм...

«Таджик» псальэм Урысейм къыщрагъэкІыр лъэпкъ цыхухьэкІакъым, атІэ адрейхэм я фІейр зыгъэкабзэ, псори зыщІэнакІэ уиІутщ», - итхащ иджыблагъэ Душанбе щыщ политолог Муллоджанов Парвиз.

Іэпхъуэщапхъуэхэм я Іуэхукіэ Таджикистаным и къулыкъущІапІэм зэхилъхьащ лэжьакІуэ УФ-м кьакІуэ таджикхэм ди джефІ щрапІыну пащІэ ІэфіныгъэкІыну и мурадхэр. Душанбе щыжаІащ уеблэмэ урысей националист гупхэм, скинхедхэм я Іэтащхьэхэр ирагъэблагъэу ягъэхьэщІэну, таджикхэм я щэнхабзэмрэ я псэуКІэмрэ щыгъуазэ яІщыну зэрыхьэзырыр.

Къэралым и правительствэм и мурадт урысей футбол фанатхэмрэ скинхедхэмри кьрихьэлІэу, Таджикистаным щІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестиваль кьыщызэгъэпэщынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуну. Апхуэдэ мурадыр даІыгъащ Іэпхъуэпащхьэхэм я Іуэхухэмкіэ дунейпсо организацэм, президент Рахмон зи пашэ, Таджикистаным и Лъэпкъ-демократие партым.

...МывэкІэ кьоуэм шхынкІэ еуэж, - жиІащ адыгэм.

Хъыбарыншэу кІуэдахэр

Урысейм сабий 1500-м щІигъу хъыбарыншэу щыкІуэдащ. Абыхъэм я Іыхьэ щапэм я ныбжьыр илъэс 12 хъуртэкъым. Полицэмрэ жылагъуэмрэ зэрыгъэдэлажьэр егъэфІкІуным теухуа зэІущІэм апхуэдэу щыжиІащ УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм и къуэдзэ Алешин Игорь.

2011 гъэм и закъуэ полицэм кьилъхьуащ балигъыпІэ имыува цІыху 779-рэ. Абыхъэм ящыщу 33-рэ зэрымыпсэужьыр зэхагъэкІащ. 507-р къагъуэтыжащ, 239-р иджыри кьалъыхъуэ.

Сабийхэм я нэхъыбэм загъэпщкІу хьэлеин, езыхэм яхуэдэхэм ящІыгъун папщІэ. Апхуэдэу уэрамым кьыдэна цІыкІуэр псым щитхьэлІэ, щыхьэу кьихьапІэхэм щыщІапІытІэ, щІэпхьаджащІэхэм щаІэщІэкІуадэ куэдрэ къохьу.

Мыщэм дыгъужьыр фІэбэлацэщ

Великобританием и премьер-министр Кэммерон Дэвид Аргентинэм ехъурджэуащ, абы Фолькленд хытІыгур колониеу иІыгъыну и мураду жиІэри. Езы Аргентинэм исхэр абы зэреджэр Мальвим хытІыгуц.

Кэммерон зэрыжиІамкІэ, Британиеи щІыпІэм исхэм ядеІыгъ зыми ІэщІэмылъу псэуну зэрыхущІэкъур. Ауэ пэжыр къэщІэгъуейщ, Атлантикэ Ищхьэрэм хиубыдэ а хытІыгур зэпаубыдэ 1982 гъэм Аргентинэмрэ Великобританиемрэ зауэ зэращІылІауэ зэрыщытар уигу къэбгъэкІыжмэ. АтІэми 2010 гъэм езы Аргентинэм Великобританиер игъэкъэнэщауэ щытащ дунейпсо законодательствэм къемызэгъыу Фолькленд хытІыгум и тенджыз Іуфэм щІыдагъэ кьыщІэпыпІэхэр зэрыщиубрум кьыхэкІыу.

Полицэм щІегъэпхъуэж

Чристэн гупхэм ятеуахэм яхэтауэ кьалытІэу ягъэтІысахэм ядэІэпыкъуу щІагъэпхъужауэ щэчяхунщу, Нигерием и полицэм езым и лэжьакІуэ зыбжанэ иІыдащ.

Сокото Кабирэ щэбэт махуэм ягъэтІысауэ щытащ. Ауэ и ныбжьэгъу боевикхэр полицэм и Іуэхущ Іапі эм теуэри, ар кьыІэщІагъэкІащ. ЩыщІэпхъуэжам щыгъуэ боевикхэм я Іэтащхьэр полицэу зы взводым ихьумащ.

НОБЭ

♦1921 гъэм Бгырыс АССР-р кьызэрагъэпэщащ.

♦Нобэ Азербайджаныр ахуоущыгъуэ 1990 гъэм Баку къыщыхъуа гуэвэгъуэм хэкІуэдахэм.

♦Илъэс 75-рэ ирокъу Тэтэрстан Республикэм и президенту 1991 - 2010 гъэхэм щыта **Шаймиев Ментимир** и ныбжьыр.

♦Илъэс 60 ящэкІэ къалъхуащ УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Аллегровэ Ирин э.**

♦Илъэси 110-рэ ящэкІэ къалъхуащ иджырей тырку поэзием и лъабжьэр зыгъэтІылъа, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэ, Мамырыгъэм и дунейпсо саугъэтыр зрата **Хикмет Назым** (1902 - 1963).

ПІалэгъэр зыгъэхьэзырар ТЭНАШ Анатолий.



Уэсышхуэм и зэранкІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Иужьрей махуэхэм къеса уэсышхуэм и зэранкІэ Домбай курортыр электрокъарунщэу къэнащ. Ар зэфІэгъэувэжыным «Кавказ Ищхьэрэ МРСК» ОАО-м и къудамэу КъШР-м щыІэм и гупищ йолэжь.***

ЭЛЕКТРОКЪАРУР пызыдзэж автомат Іэмэпсымэхэр ирагъэжьэжыну хэта щхьэкІэ, кьиКІа щІэкъым. Уэсыр метр и лъагагъуэ зэрызэтрихьам, увыІэ имыІэу кьызэресым кьыхэкІыу, ныкъусаныгъэр здэщыІэ щІыпІэр яубзыхуфыркъым. Ауэ, Домбай администрацэм и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, электрокъару кьэзыт автономнэ дизель Іэмэпсымэхэм я фІыгъэкІэ, кьуажэм дэт турбазэхэмрэ хьэщІэщхэмрэ уэздыгъэ яІэщ.

Гектар мини 4-м щІигъу хегъахъуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэ ТхьэкІуэшнэ Аслъэнджэрий зэрыжиІамкІэ, 2012 гъэм иджыри къэс къамыгъэсэфэна гъавэ щІапІэ гектар мини 4,36-м елэжьын щІадзэнущ.***

ИУЖЬ илъэсхэм здэдэхэ хъуа гъавэ щІапІэхэр нэхъ мащІэ мэхъу, зытелажьэхэм къахохъуэ. 2009 гъэм къамыгъэсэфэну гектар мин 50 яІамэ, нэгъабэ ар зэрыхъуар гектар мин 28,49-щ. Псори зэхэту республикэм гъавэ щІапІэхэр гектар мин 241,744-рэ яІэщ.

Нэхъ тынш мэхъу

АБХЪАЗ. ***Республикэм Адлер куейм щиІэ гъунапкъэм деж автомобиль зэблэкІыпІэ пункт къыщызэІуахынущ. Абы лэжьэн щидзэмэ, зы жащ-махуэм къриубыдэу транспорт мини 2-м нэблагъэ зэблагъэкІыфынущ.***

ИПЩЭ таможенны управленэм къызэритымкІэ, «Адлер» МАПП-м мазаем лэжьэн щидзэнущ. Псоу псым тралъхьа автомобиль зекІуапІэ лъэмыжыр хьэзырщ. Иджыпсту лъэс зекІуапІэхэр зыхуей хуагъазэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Налшыкдэсхэр дяпэкІэ псыкІэ къызэзыгъэпэщынур къэралырщ

Иджыпсту банкрот Іуэхуэхэм хэт «Водоканал» муниципальнэ Іуэхущ Іапі эр зи мылькуу щыт «Къэббалькъводоканал» ООО-м и мылькур къыщэхужащ зи акцэ псори къэрал мылькуу щыт «Хуабэсервис» №4 ОАО-м. Абы къэрал ахьыщу сом мелуан 19 щІатынымкІэ КъБР-м Къэрал мылькур зехьэнымрэ щы Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм арэзынымгъэ къриташ КъБР-м и Парламентым.

ЩЭН-КЪЭЩЭХУНЫМ тещІыхьауэ 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, щэхуакІуэм Іуэхущ Іапі эр зи мылькум сом мелуан 16 иритакІэщ.

КъБР-м Псэупі э-комм унальнэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Кулиев Мустафир зэрыжиІамкІэ, иджыпсту мылькур зэрызэІэпахыну документ нэхъыщхьэхэр ягъэхьэзыращ. Іуэхущ Іапі эм и уасэм щыщу щэхуакІуэм кьытенар 2012 гъэм мазаем и 1-м фІымыкІыу иритыжынущ. «Водоканалым» и лэжьакІуэхэм ящыщу цІыху бжьыгэр ягъэмэщІэн щхьэусыгъуэкІэ зыри ІуагъэкІынукъым», - быдэу жиІащ Кулиев Мустафир.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэм и Пресс-службэ:

Губгъэн щІынкІэ ерыщым ныбжьэгъуншэу къекІухь.

ІУПТХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іужухэр зэралъжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым ґехуа хьыбархэм фыщытыдзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хэчынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Депутатым и псалъэ

ЩХЬЭГУЭШ Адэлбий:

Путинырщ Урысеим и зэкъуэтынытъэр зыхъумар

«Путин Владимир куэдкІэ и фІыгъэш Кавказ Ищхьэрэр Урысеим хагъэкІыным теухуа мурад зиІаэм кІаззэремыхьулІар». Апхуэдэу жиІащ «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ и президиумым хэт Щхьэгъэш Адэлбий, УФ-м и Президент къулыкъым щІэбэн Путин Владимир и сайтым къытрадза тхыгъэм здытепсэлъыхьыжащ.

« А ЗЭМАН хьэлъэм Путин Владимир цыхуэбзм я жьыр диІыгъащ Щэшэным, Дагыстэным, щытыкІэр щыІэзэщІэплъа нэгъуэщІ щыналъхьэм кІуэрэ Іуэхур зытетыр и нэкІэ зригъэпэщагъуэрэ. Абы фІэфІкІым Кремлым щІэсу унафэ ищІын. Иджырей щытыкІэм и дежкІэ Путин Владимир политикэм зэрыхуэзэкІуэльэкІуэмрэ ар зэрыжьжьарыпльэмрэ мыхьэнэщхуэ дыдэ иІэщ. Властыр къэралым щекІуэкІ Іуэхуэхэм поджэж. Путин Владимир езым и тхыгъэмкІэ ягу кьеГъэкІыж ди къэралымрэ Кавказ Ищхьэрэмрэ щекІуэкІа Іуэхуэхэр. ЩІэх дыдэ ящыгъупщэжащ ди хэкур Іыхьэ-Іыхьэу зэпкъраудыну зыгуэрэр зэрыхуцІыкІыар. Кавказ Ищхьэрэр Урысеим кьыззэрыгуэмыкІар Путин Владимир куэдкІэ и фІыгъэщ», - кьыхигъэщхьэкІащ Щхьэгъэшым.

Абы ягу кьиГъэкІыжащ щІыналъэм нэхъапэм щыІа щытыкІэ хьэпсэр. «Куэдым ягуэхэр иудат. Ахэр игъэгулэзырт щІыналъэм зэрызэтраукІэм, ахэр гъэрыпІэм зэрырагъэувэм теуха хьэбархэм. ЩІыналъэм щыпсэухэр ядыгъуэт щхьэщхьжьапщІэ и къэхуэу къыхилъхьэ президент программэр. Апхуэдэу тхыгъэм щыубзыхуащ нужьрей илъэсипщІым ди къэралым зэхъуэкІыныгъэ и лъэныкъуэкІэ хуэзфэкІа-хэр.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Щіэпхъаджагъэм ерыщу пэщІэтын

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм къызэрэнэкІа 2011 гъэм я лэжьыгъэм кьрикІуэхэр щызэхалъхьажа, гулыпІэ зыхуэщІыпхъэ кьалэнхэр щыгъуэзыхуа щІыналъэм щекІуэкІащ.

- ХФ-м и Прокуратурэм деж щыІэ Следственнэ комитетыр и лъабжьэу Урысеим Следственнэ комитет кьызэрыпсэрагъэпэщэрэ илъэс ирикІыщ. Къэралым и тхыдэм щыяпэу щІэпхъаджагъэ Іуэхуэхэр зэхэзыгъэкІ ІуэхуацІмкІэ Іуэхуэхуащ. Ар къэн унафэ щІэтыр щІыхуэхэм конституцІэ хуитыныгъэхэр яІэныкьмкІэ шэсыпІэ езыт Президентым и закъуэщ. Мы лэжьыгъэр, иджыри и кІэм нэсакьым. Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэу кьІэнэж щІэпхъаджагъэхэр гъэмэщІэныр, - жиІащ зэІуцІэр езыгъэкІуэжа Іуэхуцім и унафэщІ Устэ Валерэ.

Блэкіа илъэсыр КъБР-м щыІэ Следственнэ управленэм дежкІэ тынщу щытакъым. ЩІэпхъаджагъэ ялэжьыр нэхъ мащІэ хъуами, абыхэм ящыщу дэтхэнэ ещанэрэ хьэлъэу е хьэлъэ дыдэу кьонэж. Процент 15-кІэ нэхъыбэ хъуащ цыхуу укІыныр, хабзэнщагъэкІэ Іэщэ зегъэкІуэныр пыщІа щІэпхъаджагъэхэм проценти 7-кІэ хэхьащ.

Устэ Валерэ кьызэрыхигъэщамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкІэр кьыщызыгъэтІасхъэ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэщ щэхурыльажьэ бандитхэр республикэм и щІыналъэм зэрыщызэуэр. Абыхэм я зэранкІэ ди лъахэм криминоген, жылагъуэ-политикэ щытыкІэр нэхъыкІэ що хъу. Апхуэдэуи кьыхигъэщхьэхуІащІэ террористхэр кІуэ пэтми нэхъ гущІэгъуншэ Іэрыхьур. Ахэр хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм зыкІи пымыщІа цыху мамырхэм я мызакъуэу, ІеблэмэкІ, сабийх эмщ ыцІыхьыркъым. Абы и щыхьэщ Илъэсищ Іэ кьихьэнчы сыхьэти 4 фІэкІа имыІэжу КъБР-мкІэ МВД-м и СОБР-м и кьудамэм и унафэщІыр и сабийхэм яльаГуу зэрауклар. Я насыпти, цыкІуэхэр кьелащ. Цыхьэшхьэ илъэсым и щІы-щІыкІэ и 7-м ялэжьа щІэпхъаджагъэм полицеитІ зэкІуэдащ, 4 ІуэгъэкІуэщ.

ЗэІущІэм кьызэрыщагъэльэгъуащ. Следственнэ управленэр блэкІа илъэсым уголовнэ Іуэху 5200-м елэжьащ. Уголовнэ Іуэху 656-рэ кьаІэтати, 500-м щІигъу и кІэм нагъэсащ икІи абыхэм ящыщу процент 90-р судхэм яГъэхьащ.

ЗэхэгъэкІ щІэпхъаджагъэхэм ящыщу дэтхэнэ етІуанэрэ хьэлъэщ е хьэлъэ дыдэщ. Блэкіа илъэсхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэу 78-рэ сэтей кьащІащ. Абыхэм ящыщу Куба кьуаежам таксистыр зэрыщыгъкІам техухуар. «Абы и лъэныкъуэкІэ кьуаншэу зыкъуагъэ-фащэ КъБР-м, Саратов областым щыщ бзаджащІэхэр нэхъыпащІэ кьэхъуа цыху укІыгъищым пыщІауэ кьэлЪыитэныжмкІэ тетГъэщІапІэ щыІэщ», - жиІащ Устэм.

2011 гъэм КъБР-м и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм бандэ гупхэм ящыщу 29-рэ яуклащ, террорист, экстремист ЗэГъэщагъэхэр ялэжьыныжмкІэ я щІэгъэкъуэнхэу 49-рэ яубыдащ. А бжьыгъэ 2010 гъэм зэрыкъуэу щытар 16-щ. Прогресс пэсселэм нэгъабэ щаукІуэу щытащ боевики 10, абы я Іэтащхьэхэри яхэту. Абыхэм ящыщу 8-м я пщІэм героин кьыхагъэутащ.

А бжьыгъэхэм кьыщыстеувы-Іэм, Устэм кьыхигъэщащ, УФСБ-м, МВД-м я лэжьакІуэхэм зэрадэлэжьам и фІыгъэкІэ Іуэхуэхэм зэфІэхьыныгъэ кьызэрэпэщащ зэрыхьуар.

2011 гъэм республикэм и щІыху мамыр 22-рэ зыкІаІэм, абыхэм хьэрычъыщІэхэр, дин лэжьакІуэхэр, ежьагъэшхуэхэр, администрацэхэм я Іэтащхьэхэр ях эту, Іэщэкіэ зэщІэуэзэда бандэ гупым щыщхэри зэрапыщІам зыщыхьэт техьуэ хьыбархэр следователхэм зэхуахьэсащ.

Ростов окружной военнэ судым Аруан бандэ гупым щыщ цыхуи 8 игъэтІысащ. Абыхэм ящыщу 2-р итащІэ-кІэ лъэхъуэщым исинущ, адрейхэм илъэс 16-м щыщІэдзауэ 22-м нэс тралъхьащ. Террор хьэгъэщагъэхэр зехьэным ятыщІа Шыкуэр яГъэтІысащ.

Ирьэс кІуам и дыгъэгъазэм КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм щІэпхъаджащІэ, бандэ гуп зэхэзышэ цыхуэхэм ятеуэ бандэ гупхэм ящыщу 7 игъэтІысащ. Следственнэ Іуэхущапіэм и унафэщІым кьызэрыхигъэщамкІэ, щамкІэ, тыкуэн 11-м марІэ щІэзыдза, хабзэхьэмэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм ятеуа боевики 5-м ятеуэ уголовнэ Іуэхуэхэр республикэм и Суд Нэхъыщхьэм ягъэхьащ. И кІэм нагъэсащ Іэщэкіэ зэщІэуэзда бандэ гупхэм я щІэпхъаджагъэ Іуэхуэхэр. Ар къэн унафэщІ Щлым зэрызэрыгъэхьэрэ ящыщ Устэм зэрыжиІамкІэ, ар и кІэм щынагъэсыну. Ар къэн кьыдэжьыгъэ ящыщ Куба кьуаежам таксистыр зэрыщыгъэкІам техуахар. «Абы и лъэныкъуэкІэ кьуаншэу зыкъуагъэфащэ КъБР-м, Саратов областым щыщ бзаджащІэхэр нэхъыпащІэ кьэхъуа цыху укІыгъищым пыщІауэ кьэлЪыитэныжмкІэ тетГъэщІапІэ щыІэщ», - жиІащ Устэм.

2011 гъэм КъБР-м и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм бандэ гупхэм ящыщу 29-рэ яуклащ, террорист, экстремист ЗэГъэщагъэхэр ялэжьыныжмкІэ я щІэгъэкъуэнхэу 49-рэ яубыдащ. А бжьыгъэ 2010 гъэм зэрыкъуэу щытар 16-щ. Прогресс пэсселэм нэгъабэ щаукІуэу щытащ боевики 10, абы я Іэтащхьэхэри яхэту. Абыхэм ящыщу 8-м я пщІэм героин кьыхагъэутащ.

А бжьыгъэхэм кьыщыстеувы-Іэм, Устэм кьыхигъэщащ, УФСБ-м, МВД-м я лэжьакІуэхэм зэрадэлэжьам и фІыгъэкІэ Іуэхуэхэм зэфІэхьыныгъэ кьызэрэпэщащ зэрыхьуар.

ЗЭПЭЩІЭТЫНЫГЪЭР гуащІэу екІуэкІащ. Дэтхэнэ зыми зыхъумэныжыгъэр нэхъ тегъэщІапІэ ищІащ икІи тІуми ар кьаІэхьуаІащэу жьыпІэ хьуну - зэІущІэр бжьыгъэр кьызэІуамыхауэ ищхащ. Ди щІалэхэм Іэмал зыбжанэ яІащ япэ ищыну, арщхьэкІэ, ди жагъуэ зэрыхъуащ, я зэпкъыр зэрыкІакъым.

А махуэм налшыкдэсхэм яхэту джагуПІэ губгъуэм, кьихьащ: *ящэ Іыхьэм*-Будаковыр, Аравиныр, Овсиенкэ, Джудович, Мкоян, Рухана, Захировичь, Фомин, Концедаловыр, Щаницынымр, Митришевыр; *етІуанэм*: Щоджэныр, Абазэр, Куликовыр, Мкоян (Овсиенкэ, 65), Клявэ, Скверноюк, Захировичь, Фомин, Чеотагау, Багаевыр, Сирадзе.

КЪЭХЪУН Бэч.

● ГАИ-м къет

И насыпти...

Щыщхьэ Іум и 16-м сыхьэти 8-рэ дакъикъи 10-м Налшык къалэ 2-нэ Тамань дивизэм и цІэр зэрихьэу щыІэ уэрамым гъэгу насыпынщагъэ кьыщыхьэуащ.

ИЛЪЭС 22-рэ зи ныбжь щІалэщІэр автобусым итІысхьэну зэрыІэтащІэм, сфетофорым нэсыным метри 3 иІэжу, телефонкІэ псалъэрэ гъэгуум телъэдащ. «Фольксваген» автомашинэм и рулым дэсым абы гу лъитэри ириІэнтІэкІыну зэтащ, арщхьэкІэ хунэсакъым.

ЩІалэм фэбжь игъуэтауэ сымаджэщым яшащ, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ иратри, яутІыпщыжащ.

Іуэхур зэхэгъэкІ.

* * *

А махуэ дыдэм сыхьэти 8-м Май куейм хьыхь Октябрьскэ жылагъуэм щыщ лъэсырыкІуэми лей кьытехьащ. Къыщемызэгъ щІыпІэм гъуэгур щызэпызыупщІ, илъэс 59-рэ зи ныбжь щІыхьухъум ВАЗ-21110 автомашинэр жьэхэуащ.

Къэрал автоинспекцэр егъэпІейтей лъэсырыкІуэхэр зыхэт гъуэгу насыпышагъэхэм кьаззэрыхьэхъуэм. Нэхъыбэм Іуэгуум зэрыщызекІуэ хабзэр кьызэпызыщыдыр езы лъэсырыкІуэхэрщ: къыщемызэгъым деж щызэпрокІ, сакъынигъэр уэим щІ.

ЕХЛАКОВЭ Иринэ,
КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

● Іуащхьэмахуэ куей

Куэдрэ зыпэплъа

Іуащхьэмахуэ лъапэ куэд щыуэ зыпэплъа уэсыр махуищ хьауэ кьыщос икІи бгы-лыжэ кьехьіпІэхэм куэду щызэтриХьащ. Чегетрэ Азауэрэ абы и кууагъыр сантиметр 80-м щыноблагъэ.

КІАПСЭ гъуэгухэм я лэ- жьыгъэр кьагъэувыащ, уэсукхьуэ кьеькинкІэ зэрыхьунУм кьых экІыу, бгы-лыжь кьежьхьыпІэхэр зэхуэдІуащ. Урысей гидромеццентрым и Кавказ Ищхьэрэ уэсукхьуэм пэщІэт Іуэхущапіэм и унафэщІым и кьуэдІэ Чочаев Хьызыщ щыгъуазэ дыщэрыщІамкІэ, Терскол щынагъуэ пымыльу уэсукхьуэр кьыщагъэх, Чегет и кьухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр щагъэжькІащ.

Синоптикхэм кьызэрэратыжьа, Іуащхьэмахуэ лъапэ дунейм и щытыкІэр нобэ нэхъ щефІэжьэнущ. КьегъэлакІуэ кьулыкъум и лэжьакІуэхэм бгы-лыжэ гъуэгуэгум щынагъуэ пымыльу кьыщыжьыкІыныжмкІэ зыхуей псомкІи кьызэрагъэпэщынущ. Мыгувэу кІапсэ гъуэгуэгум лэжьэн щІадзэжьынущ, бгы кьежэхьіпІэхэр кьызэІуахьыжынущ.

● КъБР-м и МВД-м

ЗыІэригъэхьэну хэтат

Нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, 1972 гъэм кьалъхуа Аруан куейм щыпсэу щыхьхьум КъБР-м щыІ МВД-м и ЭКЦ-м и лэжьакІуэм и Іэшэр Прохладнэ кьалэм кьыщытрихьну хэтащ.

« ПОЛИЦЭМ теухуауэ» хабзэм ипкъ иткІэ, офицерым а зэныкъуэкъум Іэщэр кьыщигъэсэбэщащ. Кьытеуар УгІэгъэ хьэуауэ полищэм и лэжьакІуэхэм медицинэ Іуэхущапіэм нагъэсащ, ауэ кьахуэгъэлакъым.

Ар кьыщыхьуа щІыпІэм ПМ кІэрахьэ, мм. 9 калибр зиІэ гильзэу 3, пІэтІрони 5 кьыщагъэутащ.

Іуэхур зэхагъэкІ.

КъБР-мкІэ МВД-м и Хьыбарыщ Іэхэмрэ жылагъуэ зэтыщІэныгъэхэмкІэ и къудамэ.

● Гу зылъытапхъэ

Уэ къыпхуегъэлынущ!

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм лъы тыным зегъэужьыныжмкІэ щыІэ ЩІалэгъуалэ советым «М-Драйв» жылагъуэ зэгуэхэныгъэр и дэІэпыкъуэгъуэ иджы ещанэрэ иregъэкІуэкІ «Донор пщащэ» зыфІаща псапащІэ Іуэхур.

Абы хэтыну ирагъэблагъэ бзылъхугъэхэм я мызакъуэу, дэІэпыкъуэгъу хьуну хуей псори. Уи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуамэ, апхуэдэ Іуэхуфі зэрыблэжьынум хущІокъу! Зыщумыгъэгъупщэ, уэ зы цІыху гъащІэ кьыпхуэгъэлынущ!

2012 гъэм щІышылэм и 20-м сыхьэти 8-м щыщІэдзауэ 14 хьуху Лъы щат республикэ станцым (Налшык къ., Тэрчокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 12) дыщыфпоплъэ. Паспорт фІыгъэм хуейщ.

КъБР-м ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущапіэ.

● Брифинг

ЩІЭПХЪАДЖАГЪЭМ ЕРЫЩУ ПЭЩІЭТЫН

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм къызэрэнэкІа 2011 гъэм я лэжьыгъэм кьрикІуэхэр щызэхалъхьажа, гулыпІэ зыхуэщІыпхъэ кьалэнхэр щыгъуэзыхуа щІыналъэм щекІуэкІащ.

- ХФ-м и Прокуратурэм деж щыІэ Следственнэ комитетыр и лъабжьэу Урысеим Следственнэ комитет кьызэрыпсэрагъэпэщэрэ илъэс ирикІыщ. Къэралым и тхыдэм щыяпэу щІэпхъаджагъэ Іуэхуэхэр зэхэзыгъэкІ Іуэхуацім и унафэщІ Устэ Валерэ.

Блэкіа илъэсыр КъБР-м щыІэ Следственнэ управленэм дежкІэ тынщу щытакъым. ЩІэпхъаджагъэ ялэжьыр нэхъ мащІэ хъуами, абыхэм ящыщу дэтхэнэ ещанэрэ хьэлъэу е хьэлъэ дыдэу кьонэж. Процент 15-кІэ нэхъыбэ хъуащ цыху укІыныр, хабзэнщагъэкІэ Іэщэ зегъэкІуэныр пыщІа щІэпхъаджагъэхэм проценти 7-кІэ хэхьащ.

Устэ Валерэ кьызэрыхигъэщамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щытыкІэр кьыщызыгъэтІасхъэ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэщ щэхурыльажьэ бандитхэр республикэм и щІыналъэм зэрыщызэуэр. Абыхэм я зэранкІэ ди лъахэм криминоген, жылагъуэ-политикэ щытыкІэр нэхъыкІэ що хъу. Апхуэдэуи кьыхигъэщхьэхуІащІэ террористхэр кІуэ пэтми нэхъ гущІэгъуншэ Іэрыхьур. Ахэр хабзэхъумэ Іэнатіэхэм зыкІи пымыщІа цыху мамырхэм я мызакъуэу, ІеблэмэкІ, сабийх эмщ ыцІыхьыркъым. Абы и щыхьэщ Илъэсищ Іэ кьихьэнчы сыхьэти 4 фІэкІа имыІэжу КъБР-мкІэ МВД-м и СОБР-м и кьудамэм и унафэщІыр и сабийхэм яльаГуу зэрауклар. Я насыпти, цыкІуэхэр кьелащ. Цыхьэшхьэ илъэсым и щІы-щІыкІэ и 7-м ялэжьа щІэпхъаджагъэм полицеитІ зэкІуэдащ, 4 ІуэгъэкІуэщ.

ЗэІущІэм кьызэрыщагъэльэгъуащ. Следственнэ управленэр блэкІа илъэсым уголовнэ Іуэху 5200-м елэжьащ. Уголовнэ Іуэху 656-рэ кьаІэтати, 500-м щІигъу и кІэм нагъэсащ икІи абыхэм ящыщу процент 90-р судхэм яГъэхьащ.

ЗэхэгъэкІ щІэпхъаджагъэхэм ящыщу дэтхэнэ етІуанэрэ хьэлъэщ е хьэлъэ дыдэщ. Блэкіа илъэсхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэу 78-рэ сэтей кьащІащ. Абыхэм ящыщу Куба кьуаежам таксистыр зэрыщыгъкІам техуахар. «Абы и лъэныкъуэкІэ кьуаншэу зыкъуагъэфащэ КъБР-м, Саратов областым щыщ бзаджащІэхэр нэхъыпащІэ кьэхъуа цыху укІыгъищым пыщІауэ кьэлЪыитэныжмкІэ тетГъэщІапІэ щыІэщ», - жиІащ Устэм.

2011 гъэм КъБР-м и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм бандэ гупхэм ящыщу 29-рэ яуклащ, террорист, экстремист ЗэГъэщагъэхэр ялэжьыныжмкІэ я щІэгъэкъуэнхэу 49-рэ яубыдащ. А бжьыгъэ 2010 гъэм зэрыкъуэу щытар 16-щ. Прогресс пэсселэм нэгъабэ щаукІуэу щытащ боевики 10, абы я Іэтащхьэхэри яхэту. Абыхэм ящыщу 8-м я пщІэм героин кьыхагъэутащ.

А бжьыгъэхэм кьыщыстеувы-Іэм, Устэм кьыхигъэщащ, УФСБ-м, МВД-м я лэжьакІуэхэм зэрадэлэжьам и фІыгъэкІэ Іуэхуэхэм зэфІэхьыныгъэ кьызэрэпэщащ зэрыхьуар.

2011 гъэм республикэм и щІыху мамыр 22-рэ зыкІаІэм, абыхэм хьэрычъыщІэхэр, дин лэжьакІуэхэр, ежьагъэшхуэхэр, администрацэхэм я Іэтащхьэхэр ях эту, Іэщэкіэ зэщІэуэзда бандэ гупым щыщхэри зэрапыщІам зыщыхьэт техьуэ хьыбархэр следователхэм зэхуахьэсащ.

● Гъуэгджэ

Ульбашев Мутай и фэеплъу

Шэджэм районым хьхьэ Бабугент къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм щекІуэкІащ «Балкария» Іуэрыіуатэ-этнографие къэрал къэфакІуэ ансамбльм и концерт. Ар и фэеплът РСФСР-м и цІыхубэ, КъБАССР-м щыхь зиІэ я артист, бадзэтмЯст ер, хореограф Ульбашев Мутай.

БАБУГЕНТ кІуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Мокаев Расул кьызыкІэщащІащ адыгэ хэм, балкъэрхэм, къэрэшейхэм я лъэпкъ гъуэзджэр утыкуШхуэм изыхьахэм Ульбашевыр зэращыщыр. Къафэм кууэ хищыкІыу абы япэу елэжьын щІэзыдзар, «Кабардинка», «Балкария» къэфакІуэ гупхэри лъэ быдэкІэ зыгъэзыар аращ.

Ульбашев лъэпкъым ихьыбгъэдэкІыу псалъэ гуапэ хэр зыхуэсахэм жраІащ Мутай и щыпхъу Лизэрэ лъэпкъым и нэхъыжь Наурызэр.

1988 гъэм Ульбашев Мутай кьызэригъэпэщауэ щыта «Балкария» къэфакІуэ гупым и утыку итыкІэм дихьэхауэ елъащ бабугентдэсхэмрэ а жьыпІэм и хьэщІэхэмрэ. Артистхэм зэрызэщІащ лъэпкъым и тхыдэмрэ ядекІуэкІ хабзэхэмрэ зи лъабжьэ кьафэжьхьэр.

Пшыхьыр яГъэдхащ Ингуш Республикэм и цІыхубэ артист Мусукаев Русланрэ «Ас-Аланы» гупымрэ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

● Футбол

ЕтІуанэм щызэрытегъэкІуакъым

Тыркум щыІэ «Спартак-Налшыкым» и зыгъэзэщІапІэхэм хиубыдауэ иджыблагъэ зэныбжьэгъуитІ зэІущІэ дригъэкІуэкІащ Украинэм и япэ лигэм пашэныгъэр щызыІыгъ Запорожье и «Металлургэ-м.

ЗЭПЭЩІЭТЫНЫГЪЭР гуащІэу екІуэкІащ. Дэтхэнэ зыми зыхъумэныжыгъэр нэхъ тегъэщІапІэ ищІащ икІи тІуми ар кьаІэхьуаІащэу жьыпІэ хьуну - зэІущІэр бжьыгъэр кьызэІуамыхауэ ищхащ. Ди щІалэхэм Іэмал зыбжанэ яІащ япэ ищыну, арщхьэкІэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, я зэпкъыр кьыкІакъым.

А махуэм налшыкдэсхэм яхэту джагуПІэ губгъуэм, кьихьащ: *ящэ Іыхьэм*-Будаковыр, Аравиныр, Овсиенкэ, Джудович, Мкоян, Рухана, Захировичь, Фомин, Концедаловыр, Щаницынымр, Митришевыр; *етІуанэм*: Щоджэныр, Абазэр, Куликовыр, Мкоян (Овсиенкэ, 65), Клявэ, Скверноюк, Захировичь, Фомин, Чеотагау, Багаевыр, Сирадзе.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Партхэр

Сабийхэр ягъэгуфІэ

«Захуагъэ зыхэль Іуэху» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм щыщхэр иджыблагъэ яхуеблэгъащ зи тхьэкІумэхэм фІыуэ зэхамыхыу Прохладнэ районым щыІэ Приближнэ станицэм дэт школ-интернатым щапІ ныбжьыщІэхэм. А махуэ дыдэм ахэр щыІащ Прохладнэ кьалэм я зыужьыкІэкІэ адрейхэм кьакІэрыхьу сабийхэр щаІыгъ апхуэдэ дыдэ Іуэхущапіэм.

КЪЫХЭГЪЭЩХЬЭХУКІЫН хуейщ «Захуагъэ зыхэль Іуэху» партым и щІыналъэ къудамэр Ныкьуэдыкьуэхэм я дунейпсо махуэм иригъэхьІэу и школ дыдэхэм зэрыщыІар икІи абы ящыщу 15-рэ зыкІэщІэхьІуэхэр зэрыщыІар.

«Захуагъэ зыхэль Іуэху» партым и дамыгъэр зытетГъэуа щыгъын хужьхэр зыщыгъ щыхуэхэр щалъагъум, Приближнэ станицэм и школ-интернатым и гъэсэнхэр хуабжьу зэрыгуфІар гурыІуэгъуэщ; абыхэм ящІэрт ахэр Іэнэщ ІуэкІэ зэрыхьуэмыкІуар.

ЗэІущІэм кьызэІуихащ школым и унафэщІым. ИужькІэ нэгум зезыгъэужь Іуэхуэхэр зэхаублащ. Ахэр щызэпагъэхуэхэм я деж партым и ліыкІуэхэм сабийхэм тыгъэхэр иратыр т. ЗэІущІэм и кІэухым школым и унафэщІым «Захуагъэ зыхэль Іуэху» партым и щІыналъэ къудамэм и Іэтащхьэ ЛІыхъужгу Мухьэмэдэ ящІэ и гъэсэкъуэрэ фІыщІэхуэ яхуищІащ. Абы ипхуэдэ Іуэхуэхэр зэхуІуэтэжьмэ, тыгъэ лъапІэхэр зэрыщашам кьыхэкІыну. Сабийхэр кьеджащ гуКІэ зэрагъэщІа усэхэм.

Партым и щІыналъэ къудамэм и Іэтащхьэ Іуэхуэгу Мухьэмэд и мурадщ дяпэкІи школ-интернатхэм ядэІепыкьуну.

ЦЕКЪУ Платі.

● Тхыдэм и лъапсэ

Анэхэм яхуэгъэзауэ

Ди республикэм щыпсэухэу сабий щыкІу зыпІэкІ дыдэтхьа 2012 гъэм хьыбарыфІ къахуихьащ. ЗэхъуэкІыныгъэфІэр зыхащІынущ мы илъэсым адэанэ хьуну зызыгъэхьэзырхэми.

ЩІЫШЫЛЭМ и 1-м щыщІэдзауэ хэхъащ УФ-м социальнэ страховзанэмкІэ и фондым кьыхэкІыу ят пособиехэр. Процент 6 щІагъуащ бзылъхугъэ уэндэгъуэхэм, лъхуэхэм, апхуэдэуи сабийр илъэсрэ ныкъуэрэ хьуркІэ зэрыкІэпльэпльым папщІэ ят ахъшэхэм.

Адэкіэ бзылъхугъэ уэндэгъуэр и чэзум (мазищ ирымыкъу щыкІэ) медицинэ Іуэхущапіэм учет уэвами, абы кьратынущ сом 465,20-рэ. Сабийр дунейм кьытехьа иужь абы зэ кьыІэрыхьэнущ сом 12495,32-рэ, ар нэгъабэ яту щытам нэхърэ сом 700-кІэ нэхъыбэщ.

Іэнатіэ Іут, ауэ илъэсрэ нэхъ хьуркІэ сабийм зэрыкІэлъыплъым папщІэ щыс анэм ику иту кьихь лэжьапщІэм и процент 40-м хуэдиз мазэ кьэс иратынущ. Ар сом 2326,00-м нэхъ мащІэкъуэм, анэм зы сабий фІэкІа имыІэмэ. Абы етІуанэр я ебжьэм кьакІэлъыкІуэхэр ипІу арамэ, нэхъ мащІэ дыдэу мазэ кьэс кьыІэрыхьэн хуейщ сом 4651,99-рэ.

Лъжьапіэ Іумыт, зы сабий фІэкІа зимыІэ анэхэм илъэсрэ ныкъуэкІэ сом 2326-рэ, етІуанэ, кьыкІэлъыкІуэхэр зиІэм сом 4651,99-рэ кьаІэрыхьэнущ.

Апхуэдэу хэхъуащ дунейм ехьащІ щІалъхэн папщІэ я ятъщам - мы гъэм и щІышылэ мазэм щегъэжьауэ ар сом 4515,60-рэ хьуащ.

● ЩІЭЗЫЩІЭХЭР

ЦІыхум и Іуэхур щыдэкІынур и хуитыныгъэхэм хищІыкІмэщ

ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уполномоченнэ Зумакулов Борис и деж щыІэ Эксперт советым и илъэс лъжьыгъэр кьиныгтэжащ.

ЗЭЧЩІЭР яублащ Уполномоченнэм и кІуэдзэ Тауканов Мустэфа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис цІыхуэхэр псэупІэнщэу кьэмынэным хуэунэтІа хуитыныгъэхэр 2010 - 2011 гъэхэм гъэзэщІа зэрыхьуам» техуахуэу жиІамкІэ.

- Япэу зи гугъу сщІынур сабий зеиншэхэр балигъ хьууэ интернатхэр щабгынэкІэ щхьэгъэзыпІэнщэу кьызэрыгъэнрэщ. Ди къэралым и щІыпІэ куэдым зеиншэхэм теухуа хабзэр зэрыщамыгъэзащІэр Урысей Федерацэм и Правительствэм кьылытэри, адэ-анэ зыщхьэщымытыж сабийхэр зыщІэсыгъэнрэ теуха унафэ щхьэхуэр 2010 - 2015 гъэхэм тращІыхьа «ПсэупІэ» программэм хигъэхьащ. Абы поджэж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьышта унафэхэри. Псалъэм папщІэ, 2011 гъэм кьрируфыбдзу республикэм и бюджетым сом мелуан 80 кьахуэкІын хуейуэ щытащ адэанэ зыщхьэщымытыж ныбжьыщІэхэм. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, Іуэхур зэгъыгъэкІуэхэм я щІэныгъэм, - жеІэ Адэлбий.

Абы и псалъэхэм ятеупщІыхьмэ, нужь илъэсхэм властым и уху ркІэу зэфІэувар, ищхьэкІэ щыІэ властым щынапльэхэм я Іэтащхьэкір игъэув зэрыхьуар кьызыхэкІар кьэралым Іуэхуэхэр зэгъэсщІыжьын зэрыкІэ ехьэліа щхьэусыгъуэт. «Апхуэдэ унафэхэм щІэдзапІэ яхуэхьуар зыщигъэгъупщэн хуейкІым», - щІигъужащ абы.

«ИкІи дэщІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхах партхэр зэратх щыкІэм зэхьэжькІыныгъэхэр халъхьэн зэрыхуейм и гугъу щытщІкІэ, зытетщІыхьыр а Іуэху псори зыужьныныгъэ белджылым зэрыхуэгъэзащІ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэм жылагъуэри, цІыхуэхри хэтын хуейщ», - жиІащ и псалъэм и кІэухыу ЩІыхьэгъэщІ.

Абы ягу кьиГъэкІыжащ щІыналъэм нэхъапэм щыІа щытыкІэ хьэпсэр. «Куэдым ягуэхэр иудат. Ахэр игъэгулэзырт щІыналъэм зэрызэтраукІэм, ахэр гъэрыпІэм зэрырагъэувэм теуха хьэбархэм. ЩІыналъэм щыпсэухэр ядыгъуэт щхьэщхьжьапщІэ и къэхуэу къыхилъхьэн президент программэр. Апхуэдэу тхыгъэм щыубзыхуащ нужьрей илъэсипщІым ди къэралым зэхъуэкІыныгъэ и лъэныкъуэкІэ хуэзфэкІахэр.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Къэралым и псалъэ

АКЪСЫРЭ Мухьэмэтхъан Мухьэмэд и куэр

Дунейм ехьэжащ цІыху хьэлэмэт, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Акъсырэ Мухьэмэтхъан Мухьэмэд и куэр.

ЩІэныгъэм и ветераным и гъащІэ гъуэгур кьэхутэныгъэ куэдыкІейхэмкІэ гъэнщащІ. Абы кьызэІуихащ ЩІым зэрызигъажьам, абы щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм ятеуэху Іуэху куэд. Еджагъэшхэм и тхыгъэхэр зэпымыууэ кьытрадзэрт кьэралми абы и щыбкІи кьыщыдэкІ академическэ журналхэм, тхыльхэм. Акъсырэм и цІэр иратхащ дуней псом щыІэ каталог нэхъ пщІэшхэу зыхуащІэм.

Мухьэмэтхъан щІэныгъэлІ нэсу, цІыху губзыгъэу, тхьсауэ зэрыщытар, абы хэльа гуапагъэмрэ цІыхугъэмрэ дэ зэи тщыгъущІэнкъым. Ди ныбжьэгъум и лІэныгъэр хуабжьу дигу кьеуащ икІи Акъсырэ Мухьэмэтхъан Мухьэмэд и кьуэм и Іыхьлыхьмрэ и благъэхэмрэ дахуогуэавэ.

Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым информатикэмрэ щыІакІэ ІуэхуэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэхэр.

ПІАЗ Бэлэтокъуэ Мысхьуд и кьуэр

2012 гъэм щІышылэм и 16-м и нобэрэ илъэс 86-м ипу дунейм ехьжащ сатум щыхьэпІэ и лэжьакІуэ, заумэрэ зэжьыгъэмрэ я ветеран ПІаз Бэлэтокъуэ Мысхьуд и кьуэр.

ПІаз Бэлэтокъуэ 1926 гъэм мэлыжьхьхь